



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou piblikasyon imedyat: 1ye out 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO VOTE LWA KI MANDE POU DEPISTAJ MALFÒMASYON KÈ KONJENITAL POU TIBEBE
KI FENK FÈT**

Malfòmasyon kè konjenital se premye kòz lanmò timoun piti nan ka defòmasyon depi nan nesans

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a vòt lwa ki pral mande pou matènite tankou lopital jeneral ak klinik fè tès depistaj pou tibebe ki fenk fèt pou chèche malfòmasyon kè konjenital atravè depistaj oksimetri poul, yo rele tou “pulse ox.” Maladi a, ki afekte strikti ak fonksyon kè yon tibebe ki fenk fèt, prezan nan prèske yon pousan nesans vivan chak ane, epi se prensipal kòz lanmò timoun piti akòz defòmasyon konjenital, dapre Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) federal yo. Ajoute depistaj sa nan lis egzamen obligatwa nan matènite yo gen posiblite pou l sove lavi tibebe ki fenk fèt.

“Se yon gwo lapenn lè yon paran pèdi pitit yo pou yon maladi ki te ka detekte fasilman epi trete kòrèkteman,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Lwa sa pral fè prevansyon pou premye kòz lanmò timoun piti akòz defòmasyon konjenital yo grasa obligasyon lopital ak klinik genyen pou yo fè depistaj tibebe ki fenk fèt pou chèche malfòmasyon kè konjenital – sa ki ogmante deteksyon byen bonè maladi sa pou pèmèt mezi rapid pran pou sove lavi timoun nou yo. Mwen fyè dèske mwen siyen pwojè lwa sa, ki pral amelyore pou bokou swen tibebe ki fenk fèt nan New York, epitou mwen remèsye sipòtè pwojè lwa a, Senatè Larkin ak Manm Asanble Gunther, pou travay yo.”

Dapre CDC yo, anviwon 7.200 tibebe ki fèt chak ane genyen defòmasyon kè grav (CCHD), ki reprezante apeprè 25 pousan CHD yo. CCHD yo reprezante anviwon 30 pousan nan tout lanmò kay timoun piti anba laj ennan ak lòt timoun piti, yo ka vin devlope andikap fizik ak devlopman grav.

Senatè Bill Larkin, ki te sponsorize pwojè lwa Sena a, te di konsa, “Depistaj senp, rantab sa pral pèmèt doktè detekte malfòmasyon kè fatal kay tibebe ki fenk fèt epi pran mezi nesèsè pou garanti yo resevwa bon tretman anvan pwoblèm kòmanse. Mwen felisite Gouvènè a pou pwojè lwa sa li vote a epi pou pwoteksyon li bay timoun piti nan tout Eta New York.”

Manm Asanble Aileen Gunther, ki te sponsorize pwojè lwa Asanble a, te di konsa, “Lè yon fanmi ap tann yon tibebe gen anpil eksitasyon – pouponyè a, leyèt tibebe a, chèz machin ki ofri plis sekirite a, pi bon pousèt la. Men gen yon detay enpòtan ki pa ka neglije: yon senp kontwòl eta sante kè tibebe a. Mwen fyè dèske mwen te sponsorize pwojè lwa sou oksimetri pou a. Oksimetri pou senp, pa koze doulè, epi sa ki pi enpòtan, li ka sove lavi tibebe. Tout tibebe merite kòmanse lavi yo ansante ak yon kè ansante.”

Depistaj oksimetri pou, ki teste kantite oksijèn nan san yon tibebe ki fenk fèt, ka detekte anpil CHD ak pi fò tip CCHD, ki souvan pa detekte atravè lòt metòd depistaj pou CHD, tankou ultrason prenatal ak egzamen fizik woutin pou tibebe ki fenk fèt. Depistaj la pa envazif epi pa koze doulè. Li fèt ak plizyè sond ki tache sou men ak pye tibebe a ant 24 ak 48 èdtan apre nesans li. Si nivo oksijèn lan twò ba, yo pral fè lòt tès pou detekte tout malfòmasyon kè posib ki ka prezan kay tibebe a.

Melissa Berlin nan Gloversville, yon volontè nan American Heart Association, se youn nan plizyè santèn paran ki te ede nou pouse lwa sa.

“Nou te soti lopital la ak yon tibebe gason ansante. Epi, nan pwochen vizit medikal yon semèn apre a, Colton te kòmanse vin tou ble. Nou te kouri nan sal ijans lan, where nou te aprann li te gen yon defòmasyon kè konjenital,” te deklare Berlin. “Li gentan fè de sou twa operasyon kè tou louvri ki prevwa yo. Mwen twomatize lè m reflechi sa te ka pa rive nan klinik doktè a, epi nou pa tap genyen pitit gason dezan nou an avèk nou jodi a. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo dèske li vote lwa sa ak espwa lòt fanmi pap gen enkyetid sa.”

Doktè Jennifer L. Howse, Prezidan March of Dimes, te di konsa, “Depi lè benefisyè sibvansyon March of Dimes la, Doktè Robert Guthrie, te devlope premye depistaj tibebe ki fenk fèt pou fenilsetoniri (PKU) nan Buffalo gen senkant pase, Eta New York se pyonyè ak lidè nan depistaj tibebe ki fenk fèt. New York merite felisitasyon dèske li kontinye kenbe yon panèl depistaj tibebe ki fenk fèt ak tès pou timoun piti solid pou 40 maladi ereditè, san bliye tout 31 maladi ki liste sou U.S. Department of Health and Human Services Recommended Uniform Screening Panel la. Vòt lwa sa se yon omaj merite alokasyon 75yèm Anivèsè March of Dimes lan.”

Krystal Peters, yon Manman Misyonè March of Dimes ki te pèdi piti fi li apre yon operasyon kè, se tou yon paran ki goumen pou vòt lwa sa.

“Jodi a se yon etap enpòtan anpil pou paran misyonè March of Dimes yo ki te soufi trajedi pèsònèl akòz CCHD ki pa te dyagnostike,” te deklare Peters. “Tibebe ap mouri chak jou akòz yon defòmasyon kè yo pa te detekte, men nou konnen sa epi nou gen pouvwa pou anpeche CCHD tiye yo bonè konsa. Konnen Eta New York te vote yon lwa ki mande pou tès ‘oksimetri pou’ ajoute sou depistaj pou tibebe ki fenk fèt vle di sove lavi ak simaye sansibilizasyon. Sa vle di espwa.”

Lwa sa ki ajoute depistaj CCHD atravè oksimetri pou nan lis maladi matènite yo blije teste pral rantrè anvigè nan 180 jou. Lè li rantrè anvigè, New York pral ajoute sou prèske mwatye eta yo nan peyi Etazini ki jounen jodi a mande kalte depistaj sa. Mouvman an pou yo te rantrè despistaj sa te akselere nan mwa

Haitian Creole

septanm 2011, lè United States Department of Health and Human Services te rekòmande pou yo ajoute depistaj oksimetri pou pou CCHD nan lis tè depistaj ki rekòmande pou tibebe ki fenk fèt.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418